



FAMILY SUPPORT

Hello Parents or Guardians,

In an effort to help you understand our new remote access learning and keep you connected, we are creating a new service called "PS 189 Family Support". This service is here to provide you answers to Frequently Asked Questions (FAQs). Here, parents can find more information about remote access learning, family access management, google classrooms, office 365 and more. For questions not answered here, PS189 provides multiple routes of support by which you may seek additional information. Questions on specific issues can be directed to PS189OnlineFS@gmail.com.

How do I log in to nycstudent.net account?

The DOE has created student accounts for every single New York City public school student. In order for you to find your student account ID and password, you need to go to Student Account Self Services which is located at <https://nycstudents.net>. There you will enter the 9-digit student ID number (which can be found on a report card, your student ID card, or in your NYCSA account). Next, enter the birth date. If the information you enter matches your student record, the username will be displayed. The student ID is the username followed by @nycstudents.net. For example, if the username is PaulD, the student account ID is PaulD@nycstudents.net.

How do I log in to Google Classroom?

To log in to Google Classroom, you need to go to <https://classroom.google.com>. Click on "Go to Classroom". Next, you need to enter your student's username and password that the teacher already assigned to your student. Your student google classroom log in is the username followed by @17k189@gsuite.nyc. Enter the password and click next. If the username and password entered are correct, you will be signed-in successfully.



Sign In

User name

Password

Sign In

Manage teaching and learning with Classroom

Classroom helps students and teachers organize assignments, boost collaboration, and foster better communication.


Go to Classroom

Having trouble signing into Classroom? [Get tips and help here.](#)

How do I view my student's Classroom?

After you log in to your student's google classroom, you will see each of their classes along with the teacher's name and classroom information. This is called the dashboard. You can choose which class you want to enter and from there you can see the "Stream" with all the class activities, comments and past & upcoming assignments.


[Click here to watch a helpful video.](#)



How do I view my student's assignments?

Once you are inside a class, you will see 3 tabs on the top (Stream, Classwork, People). Click on the Classwork tab to see your student's past & upcoming assignments, materials, quizzes and questions that the teacher will ask from time to time. You can click on each assignment to get a more detailed view including any attached photos or videos.


[Click here to watch a helpful video.](#)



How do I submit a student's work via Google Classroom?

Once you are inside a class and you are inside the classroom tab, you can open any assignment to view the work that was assigned to your student. Inside this assignment you can look to the right side of your window and you will see a "Mark as done" button. If the assignment is asking you to submit an answer, then you can type in your answer and click on the "Submit" button to submit your student's assignment. If the assignment requires your student to write an essay, you will see an option to attach an assignment. When you click on the option to attach a document, you can choose to attach a word file, a pdf, or any format that the teacher will accept and once you are done, you can click "Submit" to send in a student's attached work.

[Click here to watch a helpful video.](#)





SIPÒ KOMINOTÈ

Onè,

Nan efò pou ede w konprann nouvo modèl aprantisaj adistans nou an ak pou kenbe w konekte, nou kreye yon nouvo sèvis ki rele "Sipò kominotè Lekòl 189". Sèvis sa la pou bay ou repons ak Kesyon moun Poze Souvan yo (KPS). Nan sèvis sa, paran oubyen responsab yo ap jwenn plis enfòmasyon nan modèl aprantisaj adistans nan, sou (family access management, google classroom, office 365) ak lòt ankò. Pou kesyon ou pa jwenn repons yo, lekòl 189 ofri tout sòt sipò ki pèmèt ou al chache plis enfòmasyon. Kesyon sou kèk pwoblèm espesifik kab adrese sou sit entènèt nou an nan PS189OnlineFS@gmail.com.

Kouman mwen kab konekte sou kont entènèt(nycstudent.netaccount)?

Depatman Edikasyon (DOE) kreye yon kont entènèt pou chak elèv ki nan lekòl piblik nan Vil Nou Yòk yo. Si pou ou jwenn kont entènèt ID ak modpas ti moun ou an, ou kab ale nan Oto- Sèvis Kont Elèv ki sou sit entènèt nan <https://nycstudents.net>. Nan sit entènèt la, ou ap antre 9 chif nimewo idantifikasyon elèv la (Ou ka jwenn li nan kanè eskolè elèv la, kat idantite lekòl elèv la, oubyen nan kont lekòl NYCSA). Aprè sa, antre dat nesans elèv la. Si enfòmasyon ou antre a koresponn ak enfòmasyon sou dokiman ti moun nan, non kont lan ap parèt. Idantifikasyon elèv la se non kont lan swivi ak @nycstudents.net. Pa egzanp, si non kont lan se PaulD, kont ID elèv la se PaulD@nycstudents.net.



Sign In

User name

Password

Sign In

Kouman mwen kab konekte sou (Google Classroom)

Pou konekte sou (Google Classroom), ou pral sou sit entènèt <https://classroom.google.com>. Klike sou "Go to Classroom". Aprè sa, ou ap bezwen pou antre non kont elèv la ak modpas pwofesè a te deja anrejistre elèv la. Pou elèv ou a konekte sou (Google Classroom), se non kont lan swivi ak @17k189@gsuite.nyc. Antre modpas la e klike aprè sa. Si non kont lan ak modpas antre korèk, ou ap konekte san pwoblèm.

Manage teaching and learning with Classroom

Classroom helps students and teachers organize assignments, boost collaboration, and foster better communication.


Go to Classroom

Having trouble signing into Classroom? [Get tips and help here.](#)

Kouman mwen kab wè klas elèv mwen an?

Après ou konekte sou "google Classroom" elèv ou an, ou ap wè klas elèv yo ansanm ak non pwofesè yo e enfòmasyon sou klas yo. Sa rele tablo klas yo. Ou kab chwazi ki klas ou vle antre e ou kab wè tou "Stream" ki gen tout aktivite klas yo, komantè e devwa ak travay ki deja pase ak devwa ak travay ou pral genyen pou fè.

[Klike la a pou gade yon videyo ki kab ede w plis konprann.](#)



Kouman mwen kab wè devwa elèv mwen yo?

Yon fwa ou antre nan klas la, ou ap wè 3 pati anlè tèt la (Stream, Classwork, People). Klike sou pati "Classwork" la pou ou ale sou ekran (Classwork) la. Nan ekran sa, ou ap wè devwa ak travay ki deja pase & devwa ak travay ou pral genyen pou fè, materyèl, egzamen ak kesyon pwofesè ap poze de tanzantan. Ou kab klike sou chak devwa pou jwenn plis detay ak pou wè nenpòt atachman foto oubyen videyo.

[Klike la a pou gade yon videyo ki kab ede w plis konprann.](#)

Kouman mwen kab soumèt travay elèv la via

(GooglClassroom)? Yon fwa ou dejan antre nan yon klas e ou gentan nan ekran (Classroom) lan, ou kab ouvè nenpòt travay yo te bay elèv la fè. Klike sou "View Assignment" pou wè travay elèv la. Pandan ou ouvè travay elèv la, ou ap wè sou kote adwat ekran an yon ti pati ak yon bouton "Mark as done". Si yo mande w pou soumèt repons ou, ou kab tape repons ou an e klike sou bouton "Submit" la pou soumèt travay elèv la. Si travay la mande pou elèv la ekri yon redaksyon, ou ap wè yon siy atachman. Lè ou klike sou siy atachman an, ou kab chwazi atache nenpòt dokiman (word file, pdf), oubyen nenpòt lòt fòm dokiman pwofesè a ap aksepte. Ou kab klike sou "Submit" pou voye atachman travay elèv la.

[Klike la a pou gade yon videyo ki kab ede w plis konprann.](#)

